ISSN 2181-3187

# ZULFIYA ISROILOVA OMIRI HAM DORETIWSHILIGI

***Alieva Miyrigul***
*Ajinyoz nomidagi NDPI Pedagogika Fakulteti*
*1-M kurs talabasi*

**Annotaciya**: Zulfiya apa Isroilovanin omiri ham doretiwshiligi
**Tayanish sozler:** Zulfiya Isroilova,shayir,jamiyet,siyliq

O'zbek xalqinin' taniqli, qabiliyetli, miynet su'yer, batir qizlarinin' biri Zulfiya Isroilova bolip esaplanadi. Ol 1915-jil Tashkent qalasinda, Dergez ma'ha'llesinde dunyag'a kelgen.

81 jilliq o'miri dawaminda ko'plegen do'retpeleri menen xalqimiz ju'reginen orin alg'an. Onin' en' daslepki qosig'i 1931-jili "Ishchi" gazetasinda basilip shiqti. Insan qa'lbin ju'rekten sezine alatug'in o'zbek hayali o'zinin' miynetkeshligi ha'm hayal-qizlardin' ja'miyettegi ten' huquqi ushin gu'reskenligin ayriqsha atap o'tsek boladi. Ol o'zinin' aqillilig'i, a'debi, iybesi ha'm tinishliq jirshisi, watan parwarlig'in esapqa alip xaliq araliq "Nilufar", Jevaharlal Neru atindag'i ha'm Ma'mleketlik Siyliqlarg'a iye boldi.

O'zbekstan Respublikasi 1-prezidenti "Zulfiya atindag'i siyliqti beriw boyinsha usinisti qollap-quwatlaw haqqinda"g'i 1999-jil 10-iyundag'i pa'rmani menen tastiyqlang'an.

25 jasqa shekemgi hayal-qizlardin' a'debiyat, ma'deniy ag'artiwshiliq, ko'rkem o'ner, pa'n ta'lim tarawindag'i jetiskenlikleri arqasinda usi siyliq iyelerine aylanbaqta.

Bul siyliq Qaraqalpaqstan Respublikasi, wa'layatlar ha'm Tashkent qalasinin' wa'killerine, uliwma 14 hayal-qizlarg'a beriledi.

Siyliqtin' ha'r biri en' kem ayliq is haqisinin' 50 barabari ko'leminde tayinlang'an. Bul siyliqti alg'an kolledj, litsey oqiwshilari JOO na imtihansiz qabil etiledi ha'm olarg'a ko'kirek nishani ha'm diplom menen siyliqlanadi. Usinday siyliqlar beriliwi na'tiyjesibde elimizde ilim pan, adebiyat, korkem oner tararawi bolsin, uliwma barliq tarawlarda qizigiwshi jigit qizlardin sani artip bariwina sebep bolmaqta. Jilda shayiramizdin izin basip kiyatirgan qizlarimiz artip barmaqta. Bul elimizde jaratilip atirgan imkaniyatlar jemisi desek adaspagan bolamiz.

O'mirlik joldasi Hamid Olimjannin erte dunyadan o'tiwi onin' o'mirindegi en' u'ljen jog'altiw boldi. Sonnan keyin ol mun'li do'retpeler do'rete basladi. Ja'ha'n urisi da onin' mun'li do'retpelerinde o'z ko'rinisin tapti. 81 jilliq o'miri dawaminda hayal-qizlarg'a u'lgi bolarliqtay jaqsi iz qaldirdi.

Ha'zirgi ku'nde elimizde Zulfiyaxanim dawamshilari ko'beymekte.

El basshimiz jaratip berip atirg'an imkaniyattan paydalna otirip student jaslar o'z qa'biliyetin arttirip sport tarawi,

a'debiyat, pa'n ta'lim, uliwma alganda ozleri qalegen tarawlarinda izlenip, jetik qaniyge bolip jetilisip shiqpaqta.

Men sol qatari 2022-jil el basshimizdin' hayal-qizlarg'a itabirinan paydalana otirip talaba boliw baxtina miyassar boldim. Keleshkte o'z tarawim boyinsha jetik qaniyge

bolip Zulfiyaxanim izin basatuginday jigit-qizlardi jetistiriwde oz ulesimdi qosiwga hareket etemen.

Usi gezekte mende Zulfiya anamizga arnap mina qosig'imdi aytqim keldi

Zulfiyaxanim
Qarlar erip, ba'ha'r kirip kelgende,
Sol bir u'yge payiz kirip kelgenbe
Bul ne payiz Zulfiyanin' ingasi,
El-xaliq onin' ma'ngiligin bilgenbe

O'zi jaqsilardan u'lgi alg'anba
Uvaysiy anaday ma'rtligin aytin'.
Miynetkesh, bilimdan, watanpa'rwar ol,
O'zbek shayirasi Zulfiyaxanim.

Aytsam batirlig'i ko'p bolg'an onin',
Hayal huquqi ushin tinbay gu'resken.
Qolinda qurali aq qag'az qa'lem,
O'zbek ma'rt hayali Zulfiyaxanim

Miynetin bahalap elim basshisi,
"Xaliq shayirasi" atagin berdi
Ati mangi qaldi awladlar bilsin
Ol bizin anamiz Zulfiyaxanim

Izin'de bar jolin quwg'an qizlarin'
"Zulfiya"nin' aldi ko'krek nishanin
Jolinizdi bersin bizge ilayim

Yadimizda mangisiz siz hardayi, Zulfiyaxanım ózbek ádebiyatında máńgi iz qaldırǵan, qanshadan-qansha qıyınshılıqlardı basıp ótken dóretiwshi insanlardıń biri. Bıyıl onıń tuwılǵan kúnine 108 jıl tolmaqta. Shayıranıń atı júregimizdiń tórinde hámiyshe altın sıyalar menen jazılıp turadı.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar**:

1. Qayumov L. Shayıra Zulfiya Tashkent 1965.
2. Sultonova M. Zulfiya Toshkent 1985
3. “O‘zbek adiblari” (S. Mirvaliyev, R. Shokirova. Toshkent, G‘afur G‘ulom nomidagi adabiyot va san’at nashriyoti